# ГЬУДРУЖБА ДУЛЛЪИ

ГАЗЕТА «ДРУЖБА» 90 ЛЕТ

№ 63 (10136) БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА 2020 сон. 9 октября/Рузман


## «МугIалим, дур цIаралда цебе Къулула нижеца къойилго бетIер»




МугIалимзабаздехун кIудияб рокьи-хинлъигун къо-мех лъикI гьабула щивав цIалдохъанас гIагараб школалъулгун.

Гьезул адабалдеги, хIалтIуе мустахIикъаб къимат кьеялдеги, мугIалимлъиялъул бугеб къимат бичIчIиялдеги нилъ ахIиялъе санайилго 5 октябрь рагIинабун буго мугIалимасул Къолъун.

Гьеб байрам ккана гIилалъунги дагьал церегIан къоязда районалъул бетIерасул ишал тIуралев Руслан ХIамзатовас гIемерал сонал гIун бачIунеб гIелалъе тарбия-лъай кьеялъе жидеца кьурал мугIалимзабазулгун дандчIвай гьабиялъеги.

Данделъиялда гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIерасул заместитель А. Лабазановас, администрациялъул аппараталъул нухмалъулев Д. Манаповас, районалъул лъай кьеялъул управлениялъул нухмалъулев ХI. ИзмагIиловас.

Р. ХIамзатовас мугIалимзабазда баркана гьезул профессионалияб байрам.

-МугIалим, гьеб кколаро гьадингосеб рагIи. Щайгуро, щивав чиясул гIумрудулъ мугIалимас кколелъул хасаб бакI. Гьесул малъа-хъваязги, кьураб тарбиягун-лъаялъги кIудияб лъалкI тола инсанасул гIумрудулъ. Гьединлъидал , хириял мугIалимзаби, нужеда тIад буго кIудияб жавабчилъи.

Гьебги хIисабалде босун, бокьун буго нужее гьаризе щивав цIалдохъанасул рекIелъ нужедехун бугеб рокьиги ва нужедаса бугеб чIухIиги цIикIкIаги-ян

Баркигун, гьара-рахьигун кIалъазе рахъана АхIмад Лабазанов ва ХIажигIиса ИзмагIилов.

ЛъикIаб бербалагьиялдаса ,хинаб дандчIваялдаса ва жидер гьабураб адаб-хIурматалдаса бугеб разилъи загьир гьабун баркала кьуна мугIалимзабазги районалъул нухмалъулезе, гьарана гьезие районалъегун районцоязе пайдаяб хIалтIи гьабизе къуватги сабруги кьегиян.

Тадбиралъул ахиралда Руслан ХIамзатовас гIемер сonaзулаб ракIбацIцIадаб захIматалъухъ мугIалимзабазе кьуна ХIурматалъул тIанчал , рахъана ракIалдещвеялъе цадахъал суратал. Аваданаб, байрамалъулаб ахIвал-хIалалда ана мугIалимзабазулгун иргадулаб гуреб данделъи.

*Хириял, рокьулел мугIалимзаби,*
*Замана аниги нуж хисугеги,*
*Сабругун гIакъиллъи рекIелъ бессарал,*
*Баркула нужеда махщалил байрам.*

**Мадина МухIамадова**

## Ахирал лъугьа бахъинал...



# ГIалимзабазул мажлис

***Сентябралъул ахиралда Гъодобери росулъ тIобитIана республикалъулаб гIалимзабазул мажлис. Гьебги букIана Гъодобери росулъа, к1удияв г1алимчи, АхIмад-ХIажи ГIисаевасе «Исламиял гIелмабазул доктор» абураб цIар щвеялъул хIурматалда гIуцIцIараб.***

***Гьениб гIахьаллъи гьабуна Дагъистаналъул цIар рагIарал г1алимзабаз. Гьездаго гьорлъ рук1ана исламиял гIелмабазул докторлъиялъул т1адег1анаб цIар щварал гIалимзабиги. Гьединго данделъиялда г1ахьаллъи гьабуна районалъул бет1ерасул ишал т1уралев Руслан Х1амзатовасги.***

***ХIурматиял казият цIалулел, кьоял гьоркьор ун ругониги, цIаларазе пайда кIудияб мажлис гьеб букIун хIисабалдеги босун, гьелъул гIатIидго хъвараб материал нижеца кьезе буго хадусеб номералда.***

# ГIанди росулъ культураялъулгун хIухьбахъиялъул парк рагьи

Гьал кьоязда ГIанди росулъ тIобитIана «Мой Дагестан-комфортная городская среда»- абураб ахIиялда гьоркь культураялъулгун хIухьбахъиялъул парк рагьиялъулаб тадбир.

Гьеб,чIахIиязе хIухьбахъиялъе скамейкабиги лъураб, гIисинлъималазе батIи-батIиял хIаязе площадкаги гIуцIцIараб парк, бан буго росу бакьулъ бугеб кIудияб майданалда, кьачIан бугоан гьениб бугеб иццги.

Тадбиралда гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIерасул ишал тIуралев Руслан ХIамзатовас. БагIараб лентаги кьотIана Р. ХIамзатовас ва росдал жамагIаталъул вакил Наживла ГIалимхановас.

Районалъул бетIерас баркана гьеб рохалилаб лъугьа-бахъин, бицана район бергинлъизабиялъе, гIадамазул гIумру-яшав лъикIлъизабиялъеги хIухьбахъиялъеги шартIал гIуцIцIиялъул мурадалда районалъул нухмалъиялъ гьаризе хIисабалде росун ругел тадбиразулги. Гьадиналго паркал районалъул щибаб росулъ рукIине ругиланги абуна гьес.

Районалъул нухмалъулезе ва гьеб площадь баразе кIудияб баркала кьун росдал жамагIаталъул рахъалдаса кIалъай гьабуна Наживла ГIалимхановас, росдал бетIерасул ишал тIуралев АрсангIали ГIалихановас ва №I школалъул мугIалим Минай ГIумахановалъ.

ТIаде рачIарал гьалбадериеги росдал гIадамазеги гьитIинчаз бихьизабуна гьитIинабго концертги.

**Пресс-служба АМР «Ботлихский район»**



## Харабазул пикраби...

# КIвар кьезе кколеб суал

Цо кьоялъ, рокъое унаго, росдал цо кьотIнор гIодор чIун ратана ригь арай чанго чIужугIаданги гIансаги кодоб ккун цо херав чиги. ГIажаибго, панаяб хIалалда бицунеб бугоан гьез хабар. Дие кидаго рекIее гIолаан харабазул кьисаби ва цIакъ бокьулаан гьезда гIенеккизе. Гьединлъидал, гьезухъан ихтиярги босун, дун гьезда аскIой кIусана

КIудияб гьираялда бицунеб букIана гьез жакъасеб кьоялъул «унтабазул» хIакъалъулъ: хурзал-ахал реххун теялъул , лъималъул суал гьанжеги тIубан гьечIолъиялъул, рищни-кьулбан чорок гьарун ругел хIоралгIоразул, росдал кьватIазул…

«Гьелдасаги бищун дир рахIат хвезабулеб жо буго гьанжесел гIадамазул пикру ва гьезул рукIарахъин. Дир гIолохъанлъуда гьадин хьвадулев чи кьанагIатцин вукIинчIо», - ян абуна кIудадаца,-я гьарин,рищни-кьулалъул кьандалъо урнаялде реххизе кверал ракъваниц ругел, битIахъего кIалагъоркье речIчIулей йикIана, нух бакьулъе реххараб гьелда хIетIеги тункун дунилан бицуней кIодоги лъалхъизаюн.

– КIудада, щай дуца гьедин абулеб,-ан цIехечIого чIезе кIвечIо дидаги, кин бугониги, дунги кколей йигелъулха гьанжесеб, кьоло цоабилеб гIасруялъул гIелалъул цояйлъун

– Вай, дир яс, дуе бокьанани дица бицина дуе нужер гьел телепоналги гажиталги раккинелде цебе букIараб гIумруялъул.

ГIолохъанлъи цебе паркъезе букIин бичIчIарал, рас хъахIлъаниги ракIал бахIарал руччабазул гьурмазда гьими кунчIана. Херасул гьаркьилъги кьвари баккана:

–Унгоха ле цебе букIараб яцлъи-вацлъи, гьудуллъи… Дир гIолохъанлъуда рукIунаан гIемерал данделъаби, цадахъ тIуралаан захIматал масъалаби, кьварильигIатIилъи ккедал хIалае, кумекалъе рахъунаан, ракIгьеялъеги цоцазе бигьалъиялъеги гьарулаан гьаял, ахIулаан кучIдул. ГIисинал лъималаз цIун рукIунаан кьватIал, гьез ургъулаан батIи-батIиял хIаял, гьанжесел лъимал гIадин сагIтаз телепоназда жанир лъугьун рукIунароан. Херал чагIаз лъималазе рицунаан маргьаби, биценкIаби, кицаби. ГIолохъанлъийин абуни, огьогьой! БукIарабха замана. Гьежда гIеретIги чIван росдал кьотIноса уней гIолилалдаса берцинаб сурат дир беразда жеги бихьичIо.

Хур-ахалъул гьабулаан тIалаб. Гьел рукIана нижер бечелъилъун, (унго нужеда бихьизеан гьесул беразулъ ххулараб магIу… ЦIакъ бокьун букIана, щиб ракIалде щвараб кIудадаян, цIехезе. Намуслъана), хур-ахикь бижараб бачIин бичун щолаан нижее кIудияб хайирги.

Доб заманалъ колхозалда хIалтIулаан киналго гIадамал: гIисиналги чIахIиялги. Кьварарал законал рукIаниги кепаб заман букIана.

Гьаб заманалда киса-кибего аспальталъул нух буго, гьебги тIола машинабаз. Цебе абуни, гIадамаз жидецаго гьабулаан гьеб хIалтIи рухI тIагIинегIан. Мисалалъе, дир 15 сон бараб мехалъ, эбелалъ витIана дун щуго кьойил манзилалъул сапаралъ нухлул хIалтIи гьабизе, чамалиго моцIалъ йикьичIо дида эбел. Дида абизе кIоларо машинаби квешал жал ругин, амма гьез гIадамазул кIвахI баккизабун бугин абураб жо хIакъаб буго, ва гьединго, гIадамазул рекIелъан цоцаде бугеб урхьиги свинабулеб буго.

Киналго иш-пишабаца асирлъуде росун руго, гIарац-месед, гIарацмесед… магIишат цикIкIинабулел, хьалаби ралел рукIун, гIумру унеб бугеблъи бичIчIунеб гьечIо. ЦIар, боцIи-магIишат сабаблъун гьанжесел гIадамал цоцадехун хьачIлъун руго.

Наслабазда гьоркьоб жахIда цIикIкIун буго. Цоясул магIишат гIемерлъани, цогидасул макъу билула. ЛъикIлъи реххун тун буго, чIахIиязул адаб гьаби дагьлъун буго. Кинаб рахъалдехун сверулеб бугеб дуниял дида лъаларо. Гьаха, дир яс, гьанже хIасил дуцаго гьабея.

-ЦIакъ битIарабха-ян бетIер гьанкIана цоялъ:

-Гьанже мун рокъое ая, дир цо хабар бугин, аб цо склероз абураб жоялъ кIочон букIана, ракIалде щун букIадго бицине бокьун бугилиланги абун пикрабаца гIолохъанлъиялъул ахикье рачарал харабазул цоялъ дун нахъе кьотIана.

«ВахI, дуниялалда жакъа гьадинаб хIал батани, метер щиб букIинеб»- абурал пикрабаз рахIат хвезабуна дирги.

Дир хIисабалда, киналго гIадамаз ургъел гьабизе ккола жидер жакъасебги ва букIинесебги гIумрудул. Щунизе ккола жиндирго пикрабалъги гьабулеб ишалъулъги рацIцIалъи. «РацIцIалъи ккола иманалъул бащалъи»-ян гурищ исламалъ бицунеб. Гьединго щивав чияс хIаракалъи бахъизе ккола диналъул вацал-яцалазе кIварабгIан лъикIлъи гьабизе. Гьаб дуниял буго заманалъе, кьоял рикIкIун кьураб жо. ГIумру уна цIакъ хехго. Гьаб ракьалда даим чIаго вукIинесев чи цониги гьечIо. Нилъедаса азарцIул лъикIалъикIалги, жидер сагIат тIаде щведал, рачун ана. ХутIулеб жо буго цохIо нилъеца чIаго рукIадго гьабураб гIамал. Кьадар щвараб кьоялъ гIадамаз: «Гьай гIаданни квешай йикIана, цониги лъикIлъи гьабичIо», -ян абизейищ бокьилебан цIехолеб букIана дидаго ракIалъ. МахIниги бокьичIо гьеб калима. Дие бокьилаан гIадамазе пайдаяйлъун ятизе. БичIчIине ккола, щивав чияс жиндасаго байбихьизе кколеблъи лъикIлъиялде каву рагьизе.

**Мадина МухIамадова**



# ДЕРЕЦ



Дир ц1одорал лъимал. Гьале ц1алун раг1алде бахъана Тубх1ат Зургъаловалъ лъималазе хъвараб «Дир гьайбатаб Алипба» абураб т1ехь. Бит1ахъего ц1акъ бокьана ва гьира ц1ик1к1ана ккун нужер квералгун цадахъ лъугьун Зургъаловалъ г1уц1араб гьайбатаб рухIияб улкаялда тира-сверизе. Нилъгун гаргадила маг1арул х1арпал, унго гьезул беричлъиха, ц1акъ бокьула лъутанхъизе, рахчаризе. Амма дида лъала нилъер ц1одорал лъималазда гьелги гьезул балъголъабиги ратулеблъи. Суратазухъги балагьун нилъеца ургъила маргъаби, цо лах1заталъги шаклъуларо дун дир ц1одорал маг1арулазул мац1ги пассих1аб бук1иналда, пикруги бечедаб батиялда. Рач1аха цо лъай-хъвай гьабилин х1еренай, пассих1ай, пагьму гьунар камилай, нужее цо хасаб рух1ияб улка ургъулаго сардал рорч1арай Тубх1ат Зургъаловалъулгун ва гьелъул т1ехьалъулгун.



## *Хириял гьитIинал магIарулал!*

***Гьаб «Дир гьайбатаб Алипба» абураб тIехь дица сайгъат гьабулеб буго нужее, рахьдал мацIалъул берцинлъиги, гьелъул бечелъиги, гугьарги нужее рагьизе, нужеда гьеб бихьизе ва бичIчIизе мурадалда. ТIехьалда жанир ругелщинал лъималги, эбел-эменги, кIодо-кIудиги, хIанчIигун хIайваналгицин руго, ретIун магIарул миллияб ретIелгун, магIарул мацI лъазабулел, гьеб бицунел, гьелда шигIраби рикIкIунел, кучIдул ахIулел.***

***Гьанир жанир ругел суратаздасан нужеда бихьизе буго нилъер халкъалъул некIсияб ва цIияб рукIа-рахъинги, умумузул ретIел-хьитги, хьаг-цIарагIги, цIалкIу-цIилицIги, магIарул гъанситоги ва жеги гIемерабги. Унго, гьеб киналъулго берцинлъи, гьайбатлъи!***

***Гьаб тIехьалъ нужее кумек гьабила нилъерго мацI берцинго, камилго бицине, гьеб бокьизе ва гьелдаса чIухIизе. МацI гьечIони, букIунаро халкъ, халкъ гьечIони рукIунаро нилъ. Гьединлъидал нуж, дир хириял лъимал, чIухIизе ккола магIарулал рукIиналдаса ва магIарул мацIалда кIалъазе кIолин абиялдаса!***

***Къабул гьабе, гьитIичал, гьаб «Дир гьайбатабАлипба»! Биччанте гьаб букIине нужер бищун гьуинаб, бищун божараб гьудуллъун! Гьабе нужеца гьалъул хIурмат, хIаракат бахъе гьаб цIунизе! Гьеб мехалда дидаса талихIай гIадан йикIинароха дунялалда!***

***Дир миллаталъул иццал, миллияб зоб берцинлъизе рижарал хIанчIи, баба-дада чIухIизе гьарурал меседил гарал, гIагараб ракь чIаго гьабизе рачIарал тIанчIи!***

***Аллагьас цIунаги нужги нужер дуниялги!***

***ТубхIат***

## Бице, эбелалъул,умумузул мацI

Нуж щалали лъазе,
Лъилали лъазе,
Лъазе гьабе, бабал,
Эбел-инсул мацI.
Миллатго гьечIеллъун
ХутIунгутIизе,
Хвезе тоге, бабал,
Бищун лъикIаб мацI.

Щуго имамасул,
Устарзабазул,
Дунял хIайранлъарав
ХIамзатовасул
Кинидахъ ахIараб
КечI-магIарул мацI,
МоцIрохъе бицараб
Маргьа-рахьдал мацI.

ГIорцIидал кьурдулеб
КьегIер гIадинаб,
Кьурда басандулеб
БурутI гIадинаб
Гьеб мацIалда «къ»-ялъ
Къуват бицуна,
Гьеб мацIалъул «хъ»-гун
ГIорал хъудула.

Васал гьеб мацIалда
КIалъалеб мехалъ,
Хехаб чол рекIарав
РакIалде щола.
Ясаз магIарул мацI
Бицунеб мехалъ,
Маргьабалъ гIадинан
Гьел берцинлъула.

Бице, эбелалъул,
Нилъерабго мацI,-
Нужер дагIбагицин
Берцинлъулин гьелъ.
Рахьдал мацIалъ дие
КечI цIалулелъул,
Нужер кIутIбигицин
КIарчанлъулин гьелъ.

А а 

Асиятги АхIмадги
«АлхIам» цIалулел руго.
Аллагьги Аварагги
Азда кIочон толаро.

Аминатги Аминги
«Амин» абулел руго.
Амма мактабалъени
Ал жеги гьитIин руго.

**Сурат бат1и-бат1иял кьераз белъун къач1ай**



**СураталъухЪги балагьун хабар гIуцIе**



**Жиндир бакIалдаса кIанцIун тIураб А-хIарп жиндирго мухъилъ лъун ай хIуччалъул бакIалда лъун, рагIаби лъугьинаре**




Амин

Аминат

Аминтаза

Нужеда цоги кинал цIарал лъалел

**Нужецаго ургъараб хабар, лъугьинарурал рагIаби, хъварал цIарал ритIизе бегьула нижер редакциялде яги ахIе гьаб хадуб рехсараб номералде 8989-661-27-98**

# ЦБ продлит перевод пенсионеров на карты «Мир» до конца года

Банк России принял решение продлить срок перевода всех пенсионеров на карты национальной платежной системы «Мир» до конца года. Большинство пенсионеров уже переведены на систему «Мир» и пользуются - отмечают в Пенсионном фонде Дагестана. Но часть по каким-то причинам еще не перешла. Принято решение дать им срок до 31 декабря 2020 года. Ранее планировалось, что пенсии и государственные пособия можно будет получить только на карту «Мир» с октября. Требование, напоминают в пресс - службе Пенсионного фонда Дагестана, не распространяется на тех, кому деньги зачисляют на сберкнижку или доставляют домой, они будут получать выплаты по прежней схеме.




| | |
|---|---|
| «СОГЛАСОВАНО»<br>зам. главы АМР «Ботлихский район» по безопасности<br>________ Абдулдибиров А.М.<br>«02» 10 2020 г. | «УТВЕРЖДАЮ»<br>Начальник ОМВД РФ по Ботлихскому району<br>подполковник полиции<br>________ М.И. Магомедов<br>«01» 10 2020 г. |

**ГРАФИК**

**отчетов перед населением участковых уполномоченных полиции ОМВД РФ по Ботлихскому району о проделанной работе за 2020 год**

| № административного участка Ф и инициалы участкового уполномоченного полиции | Дата проведения отчета | Время проведения отчета | Место проведения отчета | Ответственный от руководства ОМВД | Отметка о проведении отчета. Наличие протокола |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 6 | 7 |
| Административный участок №1 с.Ботлих, УУП майор полиции Баширов А.А. | 30.10.2020 г. | 14час.30мин. | РДК с.Ботлих | Начальник ОМВД РФ по Ботлихскому району Магомедов М.И. | |
| Административный участок №2 с.Ботлих, УУП майор полиции Баширов А.А. | | | | | |
| Административный участок №3 с.Ботлих, УУП мл. лейтенант полиции Магомаев Д.И. | | | | | |
| Административный участок №4 с.Ботлих, УУП мл.лейтенант полиции Газимагомедов И.А | | | | | |
| Административный участок №5 с.Миарсо, ст. УУП капитан полиции Набиев М.Р. | 09.10.2020 г. | 14час.00мин. | Двор адм. с.Миарсо | Зам начальника полиции Гусейнов М.У. | |
| Административный участок №6 с.Годобери, УУП младший лейтенант полиции Магомаев А.Г. | 13.10.2020 г. | 14час.30мин. | СДД с.Годобери | Зам начальника полиции Гусейнов М.У. | |
| Административный участок №7 с.Н.Алак, Хелетури УУП капитан полиции Набиев Г.А. | 16.10.2020 г. | 14час.00мин | Адм. с. Алак | Зам начальника полиции Гусейнов М.У. | |
| Административный участок №8 с.Н.Инхело, с.Кванхидатли. УУП старший лейтенант полиции Абдулкадиров М.Х. | 19.10.2020г. | 14час.30мин. | Адм. с.Н.Инхело | Зам начальника полиции Гусейнов М.У. | |
| Административный участок №9 с. Муни, Ортоколо, УУП старший лейтенант полиции Абдулкадиров М.Х. | 23.10.2020 г. | 14 час.ООмин. | СДД с. Муни | Врио начальника ОУУП и ПДН Дербишев Л.М. | |
| Административный участок №10 с.Тлох, УУП младший лейтенант полиции Абдурахманов И.И. | 26.10.2020 г. | 14час. 30 мин. | СДД с. Муни | И.о. начальника полиции Лабазанов Г. | |
| Административный участок № 11 (Ансалта. ОН) с.Ансалта, УУП лейтенант полиции Раджабов М.И. | 27.10.2020 г. | 14 час.ООмин. | Ансалтинская СОШ | Начальник ОМВД РФ по Ботлихскому району Магомедов М.И. | |
| Административный участок №12 (Ансалта. ОП) с.Рахата, Тандо, УУП лейтенант полиции Сайпулаев М.М. | 28.10.2020 г. | 15 час.ООмин. | Рахатинская СОШ | Зам начальника полиции Гусейнов М.У. | |
| Административный участок №13 (Ансалта. ОП) с. Шодрода, ст. УУП капитан полиции Халилулаев Р.А. | 18.10.2020 г. | 14час.20мин. | Шодродинская СОШ | Зам начальника полиции Гусейнов М.У. | |
| Административный участок №1 (Анди. ПП) с.Анди, УУП мл. лейтенант полиции Гереев Р.С. | 06.10.2020 г. | 11 час. ООмин. | Адм. с.Анди | Начальник ОМВД РФ по Ботлихскому району Магомедов М.И. | |
| Административный участок №2 (Анди. ПП) с.Гагатли, Чанко ст. УУП майор полиции Нажмудинов Х.Т. | 07.10.2020 г. | 15 час.00мин. | СДД с. Гагатли | Зам начальника полиции Гусейнов М.У. | |
| Административный участок №3 (Анди. ТПП) с.Рикван, Ашали, ст. УУП майор полиции Нажмудинов Х.Т. | 08.10.2020 г. | 15 час.00мин. | Рикванинская СОШ | Зам начальника полиции Гусейнов М.У. | |
| Административный участок №4 (Анди. ТПП) с.Зило, Кижани, УУП лейтенант полиции Магомедчиев Б.С. | 12.10.2020г. | 14 час.00мин. | ООШ с. Зило | Зам начальника полиции Гусейнов М.У. | |

Врио начальника ОУУП ОМВД РФ по Ботлихскому району
(наименование территориального органа МВД России)
капитан полиции ________ Л.М. Дербишев
(специальное звание) ( подпись) (инициалы и фамилия)

**ГIудуллъи газета гIуцIарал**
«Болъихъ район» муниципалияб районалъул администрация

**Учредитель**
Администрация МР «Ботлихский район»

**Эл. адрес:** druzhba555@mail.ru
**Сайт:** druzhbabotlih.ru

**Редакторасул ишал тIуралев**
***А. Агъларов***

**Замасул ишал тIуралей**
ГI.МухIамадова

**Мухбирзаби**
**З.КъурамухIамадова**
**М.МухIамадова**

**Наборщица**
П. Эльдарова

**Дизайнер**
С. Камилова

**Корректор:**
П.МухIамадова

**Фотокорреспондент**
К. Камилов

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан. от 31 мая 2017 года.**
**ПИ № ТУ 05 - 00381**
**Редакциялъул кидаго гуреб макъалабазул авторазулгун пикраби данде кколел.**

**Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул ва баяназул жаваб кьола гьезул автораз.**
Индекс: 368971. Адрес: ДР, Болъихъ районалъул Болъихъ росу, Имам ГъазимухIамадил къватI, 103

**Газета биччана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.**

**Адрес: 367018, МахIачхъала, Петр-I-ясул къватI, 61**
**Тираж -350 Индекс-51349**

*Заказ №* _____